Ассаламу гIалайкум!

# ЦIумадисезул гьаракь

(Голос Цумады)

2024 соналъул 25 октябрь Рузман №48 (7862) Газета бахъизе байбихьана 1937 соналъул 11 декабралда Багъа 8 гъурущ 12 +

ЦIУМАДА РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА - ЦУМАДИНСКАЯ РАЙОННАЯ ГАЗЕТА

Райадминистрациялда

## Налогазул налъаби рецIиялъул суал гьоркьоб лъуна

21 октябралда районалъул бетIер Шамил ГIумаровас тIобитIана налогазул налъаби низамалде ккезариялъул рахъалъ ведомствабазда гьоркьосеб комиссиялъул данделъи.



Комиссиялъул хIалтIулъ гIахьаллъана районалъул депутатазул Собраниялъул председатель МухIамад НурмухIамадов, райадминистрациялъул бетIерасул заместителал Халилула МухIамадов ва МухIамад Сиражудинов, райадминистрациялъул экономикиябгун налогазул отделалъул начальник ТIагьир МуртазагIалиев, МВДялъул районалда бугеб отделалъул начальникасул заместитель МухIамадрасул Сайпулаев, лъайкьеялъул управлениялъул нухмалъулей Зайнаб ГIабдусаламова.

Комиссиялде ахIаразда гьоркьор рукIана районалъул лъайкьеялъул организациябазул нухмалъулел, райадминистрациялъул централизациялъулаб бухгалтериялъул хIалтIухъаби ва налогазул инспекциялъул вакил.



Комиссиялъ гьоркьоб лъуна лъайкьеялъул идарабазда ва централизациялъулаб бухгалтериялда НДФЛалъул ва социалияб фондалде унел взносазул налъабазул ва гьел рецIиялъул суал.

21 октябралда ругел баяназда рекъон лъайкьеялъул идарабазда ва централизациялъулаб бухгалтериялда НДФЛалъул ва социалияб фондалде унел взносазул налъи бахун буго 6271 азарго гъурциде, гьезда гьоркьоса социалияб фондалде унел взносазул - 4439 азарго гъурущ, пеня ва штрафал-1274 азарго гъурущ. Кинго бичIчIуларо, кин ккезе бегьулеб гьедигIанасеб налъи бюджеталъулал учреждениябазда, моцIрол харжалъе бихьизабураб гIарцуда рекъон щибаб моцIалъ социалиял фондалде кьезе бюджеталда бихьизабун гIарацги букIадго?! Щиб гIилла букIун НДФЛ жиндир заманалда ва гIураб кьадаралда бюджеталде унареб?

БатIи-батIиял гIиллаби рачи гуреб, гьеб суалалъе гьениб хIакъикъияб жаваб щвечIо. Гьеб щвезе ккани, налогазул инспекциялдеги ун, хал гьабизе ккола гьенир ругел баяназул.

Шамил ГIумаровас нухмалъулезда тIад къана кьокъабго заманалда жаниб гьеб суал роцIинабизе. Гьеб тIубаялда сверухъ хал ккезе райадминистрациялъул нухмалъулесул заместитель Халилула МухIамадовасдаги тIад къана.

ГIелмияб тIехьалъул цебелъей

## Шималияб Кавказалъул диаспора: тарих ва этнография

Гьал кьояз МахIачхъалаялда Расул ХIамзатовасул цIаралда бугеб Миллияб библиотекаялда рохалилаб ахIвал-хIалалда тIобитIана гIалимчи, тарихиял гIелмабазул кандидат, хIалхьиялда вугев кIиабилеб классалъул посол, пачалихъияв дипломат, нилъер ракьцояв, Акнада росулъа ГIалиев Багъавудин Расуловичасул «Шималияб Кавказалъул диаспора:тарихиябгун этнографияб цIех-рех гьаби» абураб, Россиялъул гIелмабазул Академиялъул Дагъистаналда бугеб цIехрехазулаб федералияб централъул тарихалъулгун археологиялъул ва этнографиялъул Институталъул (ИИАЭ) грифалда гьоркь биччараб тIехьалъул цебелъей.

гIелмияб цIилъиялъул, Ближний ва Средний Востокалда гIемер соназ хIалтIулаго лъай-хъвай ккарал Шималияб Кавказалъул мугъажиразул.

Авторас тIехьалда бихьизабулеб буго кьисматалъ рахъ-рахъазде рикьарал гьезул ругел бергьенлъабазул, церетIеязул, рагъулал тункахIусиял ругел Ближний Востокалъул гIемерисел пачалихъазда гьезда (этническиял кавказалъулазда) дандчIвалел гIузрабазул ва гьел тIураялъе ресал-нухал ратиялъул.

ТIехьалъе гIелмияб ва практикияб рахъалъ ва авторасул цIехрехазе мустахIикъаб кьиматги кьун кIалъазе рахьана тарихиял гIелмабазул доктор, РАНалъул ака

гIемерал цогидалги.

КIалъазе рахъараз мустахIикъаб кьимат кьун кIодо гьабуна Багъавудин ГIалиевасул тIехьалъул гIелмияб цIилъи, тарихияб мухIканлъи ва практикияб магIна буголъи. Гьединго авторасе баркала загьир гьабуна гIаданлъи-гIадатлъиялъухъ ва гIемераб гIакъуба-захIмат бихьун хъвараб тIехьалъухъ.

Чан дандчIваял, гара-чIвариялха гьес гьарурал сверухъ пачалихъазда рагъулал тунка-хIусиял ва рагъулаб режим бугониги Шималияб Африкаялда, Ближний ва Средний Востокалда мугъажирлъиялда ругел ракьцоял-кавказалъулалгун




Тадбиралда гIахьаллъана нилъер районалъул бетIер Шамил ГIумаров, Дагъистаналъул Халкъияб Собраниялъул депутат ГIабдурахIман Камилов, Дагъистаналъул халкъияй поэтесса Сабигат МухIамадова, медицинаялъул гIелмабазул доктор АхIмад ГIазизов, Дагъпедуниверситеталъул гуманитарияб институталъул директор МухIамад ХIайбулаев, республикаялъул цогидалги цIар арал тарихчагIи-гIалимзаби, Багъавудинил гьудул-гьалмагъзаби ва рахъ-рахъазде рикьун ругел ЦIумадисезул вакилзаби.

Тадбир бачана филологиял гIелмабазул доктор АхIмад МуртазагIалиевас.

ТIехьалъулги бицун, кIалъазе вахъарав монографиялъул автор Багъавудин ГIалиевас данделъаразе кьокъабго экскурсия хIисабалда бицана тIехь хъвалъул, гьелда тIад хIалтIизе пикру бачIиналъул, гьелъие щиб гIилла ккеялъул. Гьединго гьес тIадчIей гьабуна гIемерсоназулаб жиндирго захIмат - тIехьалъул жакъасеб кьоялда бугеб кIваралъул, гьелъул

демик, профессор, археолог Хизри ГIамирханов, тIехьалъул гIелмияв редактор, тарихиял гIелмабазул доктор, ИИАЭялъул этнографиялъул отделалъул заведующий МухIамадхан МухIамадханов, монографиялъул рецензент, тарихиял гIелмабазул кандидат, ИИАЭялъул этнографиялъул отделалъул кIудияв гIелмияв хIалтIухъан МухIамадзагьир Къурбанов, нилъер районалъул бетIер Шамил ГIумаров, Кизилюрт районалъул бетIер Рустам Татарханов, Дагъистаналъул халкъияй поэтесса Сабигат МухIамадова, «Дагъистан» РИАялъул» вукIарав нухмалъулев, жакъа «Главкосмос» акционерияб гIуцIиялъул квватIисел коммуникациязул Централъул директор МухIамад МухIамадов, гIемерал соназ хIеж борхиялъул идараялъул нухмалъулевлъун хIалтIарав Дагъистаналъул халкъияв поэт МухIамад ХIамзаев, имам Шамилил цIаралда бугеб фондалъул нухмалъулев ГIалиасхIаб Хархачаев ва

дандчIваялги тIоритIун. Гьединго жидерго кIалъазаулъ гьез бихьизабуна тIехь хъвалаго хIалтIизабун бугеб гIелмиябгун тарихияб адабияталъул, гIараб, ингилис, паранг, немец, турказул мацIазда бахъараб архивияб материалалъул кIвар, гьеб ккола Багъавудинида гIараб ва ингилис мацI профессионалияб куцалда лъай.

Гьединго кIвар буссинабуна «ВатIан» жамгIияб гIуцIиялъул ва гIорхъаби рахун рикIкIада ругел ракьцоязулгун гьоркьоса кьотIи гьечIеб бухьен-хурхен чIезабиялъул хIалтIи цIигьабизе ккеялде.

Данделъи ана гIахьаллъаразе пайдаяб ва киналго разияб куцалда тIадегIанаб даражаялда.

Багъавудин ГIалиевас кIудияб баркала загьир гьабуна гьелъул гIахьалчагIазе жиндир адаб-хIурмат гьабун гьенире рачIиналъухъ.

ГIемерлъаги цIумадисезе гьединал гIалимзаби.

**Хадижат Залимханова**

Лъималазе - ргьараб ракI

# Нечоге лъималазе хинлъигун рохел бикьизе

**Ахираб заманалда гIемер ргIулеб буго гIолилаз, хIатта школлъималазцин дагьа-ма-къабго кIалъа-басай, дагIба-ргIи ккани, жидедаго, гьудул-гьалмагъзабазда яги нухда унеб бакIалда букIа, яги мадугьаллъиялда букIа, нус къватIибе бахъизе, гьеб кьабизе, ай, чIвай-хъвей хIисабалда гьеб хIалтIизабизе хIаракат бахъулеб бугилан. КигIанго бокьичIониги, дагьал гьечIо мисалал нилъер республикаялдаги ярагъгун нус цIалдохъабазги студентазги хIалтIизабиялъул ва гьелъул пашманал хIасилазул. Щиб гIилла гьелъие бугеб, щай гIун бачIунеб гIел ццин хехаб, яргъиде гIедераб бугеб, щал гьелъие гIайибиял?! ГIарцуда хадур рекерахьдулел рукIун, сундего, хасго лъималазде, регIуларел эбел-эменищ, щиб кьуни щиб лъимдухъе гIодичIого букIаралдаса абун, цоцалъ къец бан гьезие росулел багьа хириял телефоналги Интернеталдаса хIалел хIаязул аслияй «героязул тIадкъаялищ», къватIаз кьолел гIумрудул гурел дарсалищ?**

**Суалал, суалал, щвезего щоларел жавабал… КинабгIаги унтуе сабаб БетIергьанасул бугелъул, батила гьелъиеги жаваб. Гьелъие жиндирго гIумрудул хIалбихьиязул хIисабги гьабун, цо-цо жавабал кьолел руго жиндирго макъалаялда тохтур МухIамад ГIабдулхабировас.**



Нилъедасан лъикI нилъер лъимал лъиего рокьуларо. Амма гьеб кколаро гьездаса рикIкIад чIезе кколин аби. Лъимал рокьизе ккола! Рокьа нилъерго лъимал, рукIа гьездехун недегьал, хIалимал, малъе гьезда квешлъиги лъикIлъиги батIа бахъизе, гьоркьоса къотIичIого ргье гьезие ракIал, бице кьварарал умумузул тарихалъул, хIалихьалъиялъулгун бахIарчилъиялъул, ругьун гьаре гьел церечIарал масъалаби тIуразе, бергьенлъиялде чIахIиял галаби росизе.

Малъе гьезда гьересигун кьал базе, гьеб рикIкIад тезе, ругьун гьаре квешаб-лъикIалда тIад ургъизе, гьеб данде ккезе, хIисаб гьабизе.

Умумузул аби буго, нилъ киналго лъимерлъудаса ругин, ва щивасул ботIролъги рекIелъги рукIинарищха лъимерлъуда ргIарабги бихьарабги.

Ункъойилъаги тIаде сонал аниги, жакъа гIадин, ракIалда буго дида росуцоялъ «хъирис бараб кьегIерго хьихьун хайир цIикIкIараб букIинин, бесдалав ятим хьихьиялдаса» абураб калима. Дун бесдаллъана дида кIиго сон бараб мехалъ ргъда эменги чIван. Дол ргIабиги рукIана дидаги ргIизе абурал. Щиб гIиллаялъ лъаларо, кIудиязул харбиде гьоркьове дун жувачIо, амма тIубараб гIумруялъ чIегIерав тушманлъун йикIана дие дой гIадан, хIаракат бахъулаан гьелда дандчIвангутIизе, тIухьидул гуребги, загьруяб гуллицаги лъукъулаан гьелъ дун.

Нижер росулъ вукIана лъикIав чи Пирилов ЖабргIил. Школалде унаго дица кидаго салам кьолаан гьесие. Цо къоялъ дир бетIералда кверги бахун абуна гьес жив вохарав вугин инсулго гIадинаб берцинаб гIамалалъул вас дун вукIиналдаса. Рес рекъанщинахъ гIилла батулаан дица гьесда берчIвазе, гьев вихьизе, гIумруялъ чанги ругьун лъурав гьесулгун накъит гьабизе. Репрессияги бихьарав, КIудияб ВатIанияб ргъда ункъо вацги хварав гьесул гIумрудул дарсал гIенеккизе бокьулаан дие.

Ункъабилев васги чIванин абун ргъдаса чIегIераб кагъат бачIиндал, кьурул парсикье кIанцIун, гIажал босизехъин йикIарай гьезул эбел СалихIат поччияс хIалихъе ккун чIезаюн йиго. ГIумруялъго рекIелъ бикIкIана дица СалихIатидеги тIолго Пириловаздеги рокьи, дой росуцоялде рокьукълъиго гIадин.

Лъимадул пагьму цIакъ къуватаб жо буго, гIадада гурелъул абулеб, гьитIинго лъараб жо-ганчIида бикIкIараб накъищилан. Хъублъизаруге лъималазул рацIцIадал ва роцIцIарал пикраби ва ракIал, рокьул хинлъи кьун риинаре гьел. Гьелъул магIна ккоаро гьезие кинабго бегьулин. Гуро! Ругьун гьаре гьел жидедаго хадуб халкквезе ва сундулъго гIорхъи-зани чIезабизе.

Цо-цо гIалимзабаз абухъе, эбел-инсул хинлъиги рокьиги камиялъ рачунел руго лъимал гIакълу-пикру мукъсанлъиялдеги, рукIа-рахъиналъулъ гIорхъолъа рорчIарал ишал гьариялдеги, нервабазул хIалуциналдегун загIиплъиялде ва, хIатта квешаб къасдалдегицин.

Лъимал ккола суал гIемер жал, сваказе бегьуларо гьезул суалазе жавабал кьезе, захIматаб гIумрудул бицине, гьелгун ракI ргьарал гарачIвариял гьаризе.

Лъимал ккола нилъер жакъасебги букIинесебги, нилъер рохелги, талихIги, цо-цо мехалъ, кигIанго бокьичIониги, пашманлъиги.

Балъголъи кколаро Интернеталда «хвалил къокъаби» ракун рукIинги, дистанциялъулаб къагIидаялъ лъималазе тIадкъаялги кьун, гьел тIохдаса ва гордухъан кIанцIизе, газ биччан тун, нуцIби рахазе, ва гьел гурел цогидалги батIи-батIиял квешлъабазде ахIулел ва пашманал хIасилазде рачунел рукIинги. Гьел къокъабазулъ нуснус гурел, аза-азар школлъималги студенталги руго. Дица мугIалим ва тохтур хIисабалда кIийилаб лъола гьединал жал рихьуларел яги рихьичIеб, ргIичIеб ххвел гьабулел эбел-инсуе, мугIалимзабазе, школазул психологазе, мадугьалзабазе, лъалеб букIаниги, квешалде ккезегIан жаниб бахчун чIарал гьереси-гьудулзабазе. Бакьан гуро гьединаб гьудуллъи-вацлъи дие.

ЦIакъ рахIат бахъулеб буго ахирал соназ баккараб «квадробика» унтиялъ. У, унти буго гьеб жо. Миллионал соназ жиндирго эволюцияб цеветIеялда витIарав инсан, хIайванал гIадин, жанавараазул ретIелал-маскабиги ретIун, ункъиде кIанцIолаго, гьагIдолаго, мимидулаго, хIихIидулаго унев вуго данде ккаразда борхьица, гьоялъ гIадин хIанчIизегицин хIаракатги бахъулаго. ГIисинлъималазда цадахъ чIахIиялгиха!!

Нилъеца цохIо Совет Союз чIван течIо, гьелдаго цадахъ гьанкъизаруна октябряталгун пионерал, комсомолгун коммунистияб идеология, гьеб хисун лъезе гьелдасан цIакъабги мустахIикъабги цIияб щибго ургъичIого. Дир мукъсанаб пикруялда гьелъул магIна ккола нилъ, чIахIияб гIел жеги цIубан гьечIин абураб. Гурони, щайха нилъ ургъуларел нилъерго тарбиялда ва жавабчилъиялда, битIун абуни,тарбия ва жавабчилъи гьечIолъиялда тIад?!

Цебего мех щун буго щивасе ургъизе жиндирго ватIаналъул, хъизаналъул къисматалдаги гьезие кьолеб заманалдаги тIад, ракьалде щиб гьабизе жив вачIун вугевали хIисаб гьабизе. Щай гIумру гьабулеб бугеб, сундуе гIоло? Кинаб бугеб щивасул жавабчилъи жакъа дунялалда тIад кколеб ва лъугьунебщиналда сверухъ, нилъер лъималаз гьабулеб ва хIалеб бугебщинаб гIорхъолъа борчIараб ишалъулъ?

Нилъер лъималазул ва жамгIияталъул цоги ги «унти» баккун бугин ргIана. Бицана гьеб «унтуца» ккуразул кверщаликье ккарал дирго студентаз. ХIажатханалде риччалел ргIуларо лъимал чIахIияз яги дагьабгIаги дудаса къуват цIикIкIарас, аралги руха-кьабун, инжит гьарулел руго. Кинаб ругьунха бугеб лъимадул рекIелъ гьеб?! Фашизмалде щвезе щиб хутIун бугеб гьединал ишазул хIисаб гьабидал? Бащадаб гали! Гьебгиха цивилизация цебетIураб Россиялда. Дун нечон вуго гьединал жал абизеги рицинеги. ХIисаб гьабеха гьанже кIинусгоялде гIунтIун соналъ цебе Бернард Шоуца «нилъ зодор хIанчIи гIадин роржизеги, лъелъ ччугIа гIадин лъедезеги ругьунлъун руго, хутIун буго гьанже ракьалда тIад гIадамал гIадин яшав гьабун, гIумру гьабизе» абурал ргIабазул жакъаги ритIухълъи!

Умумузул аслияб масъала ккола лъимал ретIа-къан гIорцIизари гуребги, гьезие тарбия кьун гьезул гIумруялъе хIинкъи гьечIолъи букIинабиги. БичIчIизе ккола щибаб лъимералъул хаслъи, щайгурелъул гьел ккола рекIел асаразулги ресазулги планеталъун. Аза-азар соназ цебего гурищ Сократица абураб щибав инсанасулъ бугин бакъ, гIицIго рес кье гьелъие гвангъизеян. Гьединго мугIалимасулги масъала ккола цохIо дарс кьей гуребги, цIалдохъанасул рухIияб рахъалде, гьесул гьира-шавкъалде, бугеб пагьму-лъай-гьунаралдеги балагьи, гьезие кверчIвай. Жеги нухалъ такрарлъунги абила лъималги, гьелгун букIунеб рекIел хIинкъи цIикIкIараб талихIаб асарги гьечIеб рукъ чIобогояб рукъ кколин. ХIисаб-суал гьечIеб кIудияб жавабчилъи буго эбел-инсул лъималазда цебе. Гьезие кьураб рекIел хинлъиги, лъикIлъиги, недегьлъиги цохIо лъимадул рекIелъ гуребги, улбузулгун мугIалимазул ракIазулъги дандерижилъун багьилин абун. Щай балагьуларел мугIалимзаби щибав цIалдохъанасухъ ругодай гьезда гьоркьор буллингалъул къурбаналилан. Буллинг щиб жояли киназдаго лъалеб батила. Гьединал лъималазул ракIазулъин доб тIоцебе кIанцIун бачIунеб жалго жидецаго чIваялъулги, къисас босиялъулги, вахIшияб пикруялъул чара бухIиялъги, щиб гьабизе лъачIолъиялъги. Гьединазул къадар цIикIкIуна экстремизмалъулгун нацизмалъул бицунел сайтазда ва гьениб щвараб «мун биологияб ришни-къул буго» абураб пикруялъ вачуна живгоги жинда релълъаралги чIвай-хъвеялде, такъсиралде.

Расги нечоге абе лъимералда жиб бищун хириябги, гьайбатабги, хIажатабги, гьунар тIокIабги, махщел камилабги бугилан. Киданиги абуге лъимералда ракI бакъвалеб, магIу баккизабулеб ргIи. Лъимералда абураб къабихIабщинаб цIаралъ инсанас диагноз лъимералъе гуреб, жиндиегоги лъолеб буго. Кьабуге ва бухуге лъимер, дуда ващадасда, дандиясда гIадин кIалъазе ругьунлъе лъимергун! Лъимер кколаро бокIнилъ къазабиялъ хIинкъуца хвезе хIадураб гIанкI, гьеб буго борхалъуде ишан босараб цIудул тIинчI! Сабру, сабру, цоги нухалъ сабру! Ругьунлъе сабру гьабизе! ХIал бихье, карандеги къан, лъимералъухъ гIинтIамизе, гьелъул бугеб пикру-ргIи, къварилъи-ургъел бичIчIизе ва рахъ ккезе. Лъимералъул цIудулаб рорженалъе кумек гьабе, гьезул анищазул кваркьаби рекун, квал-квал гьабичIого!

-Нилъеда лъала нилъ щалали, амма лъаларо щаллъун нилъ рукIинебали яги рахъунебали,-ян гурищ абураб Уильям Шекспирица?

БичIчIула умумузе кидаго рекIее къабуллъулареблъи балугьлъиялъул гIужде рахарал гIоркьилазул «дун гьанже кIудияв гIун вуго, дицаго къотIила диего хIукму» абурал, гьезул жалго жидедаго чIаралллъун рукIине, рахъизе бугеб гьира бихьизабулел, эбел-инсулгун дандбачIого жидее бокьа-бокьараб гьабизе изун тIалаб гьабулел ргIаби. Якъинаб жо, гьединаб живго жиндаго чIей чанги нухалъ магIу тIеялде рачунеб пашманаб хIасиллъун кколеблъи. ХIаракат бахъе гIоркьилазда бичIчIизабизе къватI гуреб, эбелэменги мугIалимзабиги кколеллъи жидер аслияб гIакълучагIилъунги, гьудулзабилъунги, жал цIунулел чагIилъунги.

ЧIахIиязулгун лъималазул гара-чIвариял чанги нухалъ пачалихъазда гьоркьосел гара-чIварияздаса захIматаллъун кколин абуни мекъи ккеларин ккола. ГьитIичаздаса балугълъиялъул гIужалде рахунаго эбел-эменги мугIалимзабиги лъималаз чанги захIматаб суалалда цере лъола, щайгурелъул гьеб буго гьезул чорхолъ гIемерал гармониял ва психоэмоционалиял хиса-басиял кколеб гIуж. Гьеб мехалъин бищун хIажалъулеб чIахIиязул доб гIакъиллъиги, цIодорлъиги, гIодоре риччайги, щайгурелъул кидаго гуро гьеб иш психологиябги физиологиябги рахъалъ битIабишун унеб. Гьеб буго инсан лъимер хIисабалда гурев, кIудияв чи хIисабалда цIубалеб гIуж. Кидаго ва киназулго гуро гьеб гIуж дагIбаргIи гьечIого, ракIхвей ккечIого борчIулеб, амма кигIанха бокьизе букIараб лъималазул психикаялда хъинтIичIого гьеб ине. ГьитIинабги бадибчIвай цIакъ рихунеллъун, дагьабги жо кIодо гьабун, гIумруялъе ахир лъезецин гIедерлъулеллъун, къватIал хирияллъун лъугьуна гIоркьилал. КигIан хIаракат бахъунги, сабру гьабунги, лъимер лъукъичIого баче чIахIияб гIумруялде.

Бачинин гIумруялдаса цоги мисал. Машгьурав нейрохирург, дир божарав гьудул. Кидаго гьесул кIиявго вас цIалулаан Москваялъул лъикIаздаса цояб школалда лъикIал къиматазда. Школа лъугIиялъул экзаменалда кIудияв васасе щвана лъабилаб къимат, гьелъухъ гIумруялда жаниб тIоцебесеб нухалъ инсуца бадибчIвай гьабула васасе. Гьеб хIехьезе кIвечIев вас гордухъанги кIанцIун хвана. КIудияв вац гьечIеб дуниялалда диеги гьабизе жо гьечIин абун ракIалде ккарав гьитIинав вацги кIанцIула гордухъан… Кинаб балагьха циндаго рещтIараб рокьоб!

Лъималазда аскIоб бараб замана буго гьезул ракIазулъ ва букIинеселде лъураб бищун кIудияб бечелъи. РакI ргьараб, цоцада божилъи лъураб гара-чIвари буго хъизаналъул талихIалъул нахъарукъ ва цадахъ захIмалъаби къинаризе лъураб нахърател. Жакъасеб къоялъул мисал босун бичIчIизабе гьезда лъикIабги квешабги.

Дир гIумрудулъ бищун ракI гвангъараб, асар гьабураб заман ккола щибаб къоялъ лъаялъул гьундузде дица цIи-цIияб гали лъурал школалда цIалулел сонал. ГIажаиблъи, дол соназ мугIалимзаби унго-унголъунги кIиабилел эбел-эменлъун кколаан нижеда.

**(Хадусеб букIине буго)**

**Литературияб бокIон**

## Дир эркенаб улка - дир ЦIумадистан

Бакъ-бакуда «ГIадал», тIерхьуда «Диклос»,
КIиго борхатаб си Дагъистаналъул,
Инхокъвари, Хъвайни, Силди, Метрада
Даруял иццазул гьарзалъи гьаниб.

Дагъистан сверана, дунял тирана,
ГIемерал шагьарал дида рихьана.
Киве щвананиги, щиб бихьаниги,
Дун ракIалъ кидаго цIала ЦIумаде.

ГIасрабалъе раккун хIисаб гьабуни
ЦIакъ бечедаб тарих дир районалъул
Хъварщиса Загъалав гIелмудул ралъад
Сабаблъун ватарав имам вищизе.

Къоло щуго сональ Шамилгун цадахъ
Щулияб нигатгун ислам цIунарав
Мадиналда Шамил, Хъварщи Загъалав
Абадияб рокъор ана цо къоялъ.

Мун Дагъистаналъе мисаллъун бугеб
ЧIухIула дудаса хирияб район.
ЦIа гIадал, цIум гIадал дур васалазул
БахIарчиял ишал халкъалда лъала.

Бодулъго бергьарав мун Бусаилав
Дудаса чIухIула Идараб шагьар
ХIажар наиб Гьигьалъ дур гьунаразул
ГIемераб бицуна росдал харабаз.

МикагIил мун нижей хирияв вуго
Исламалъе гIоло рухI кьурав лачен.
Гьаквари росулъа бахIарчияв вас,
Берал магIил цIола мун ракIалде щун.

Нилъер улкаялде къо ккараб мехалъ
ВахIщиял фашистал тIаде кIанцIидал
Баголал, чIамалал,ункъракьгун, тIиндал
ЦIунана рухI жан кьун хирияб ВатIан.

Немцазул кьвагьараб танкалде вахун
«Гьарс» ахIун кьурдарав, кьвакIарав Къади
Лъабго район рикIкIун дуда гурони,
КенчIечIо каранда героясул цIва.

ЦIар арал къуватал гугарухъаби
ЦIакъ гIемер рахъана нижер мухъалда
Хуштадаса нартав магIарулав Давуд
Хунз мукIур гьавурав ТIиндиса Гъванка.

Гъоб олимпиялъул рикIкIен гIемерал
Медалал росана нижер васалаз.
Сайгид, ТIагьир, Арсен, МахIач, МухIамад,
Сажид, ХIабиб, нужей абадияб рецц!

Нилъер Россиялда кидаго щвечIеб
ЮФС-рингалда рачел босарав
Гьеб бергьенлъи щвезе ХIабиб куцарав
Мунагьал чурайги ГIабдулманапил.

Гьаб заманаялъул хIисабги гьабун
Жидер ах-хуралъул хIалтIаби гьарун
Берцинаб хIалалаб гIумру гьабулел
ЧIахъаги цIва гIадал, дир цIумадисел!

**Каримулагь ГIабдулаев,** Хуштада росу

## Кире нуж тIагIарал, росдал хараби...

Кире нуж тIагIарал, росдал хараби,
Хадуб гIодулаго гIолохъанлъи тун,
Лъида божун тараб росдал годекIан,
Нуж тIасан аралго жиб бесдаллъараб.

ЛъикIал гIадамазул гьитIинаб росу,
Дагь - дагь ккун тIагIана гьаниб жамагIат.
ГодекIанир гамчIал цIорозе течIел,
Гьанже гIодов чIезе чи гьанив гьечIо.

Кире нуж тIагIарал росдал хараби.
ГодекIан чIалгIунищ гIумруялъ тунищ?
Шагьар тун гьоболлъухъ росулъе щведал
Салам кьезе къотIнов чи ватуларо.

Мун чиякълъун буго, Эчеда росу,
Дир гьобол хирияб гIагараб тIалъи.

Гьоболлъухъ щолелъул росу рагIалда,
Цере гIадин данде чи вачIунаро.

Магъилъгун колода росдал ясазул,
ХIасратго рачунел макънал тIагIана.
ГодекIаниб бугеб къулгIадухъ гор бан,
Бертин - сухIматалъул гьаракь къотIана.

Жанир нилъ гьущарал магIарул кини,
МагIида бан буго хIуралъги бацун.
Росулъ гьобол щведал рортун рачIунел,
Лъималазул данчIвай бихьулеб гьечIо.

Дирги гIумруялъул рагIал щолелъул,
Ургъаликье ккана дун дирго росдал.
Дунго хвананиги, нуж дир хараби,
ХутIизе бокьила годекIанги цIун.

* * *

## Зигарданиги шиб дир каранда ракI

Дир хIеренай эбел, хIалимай эбел,
ХIал кIун къварилъаби раччарай эбел.
Дурго ватIанги тун, тухум кьибил тун,
Гьаб Дагъистаналда гьабунин гIумру.

Ниж гьитIинго рукIун дадаги ана,
Доб ахираталда Алжан босизе.
Дуда къо бихьана, хирияй эбел,
Къварилъаби гIемер раччизе ккана.

Анлъалго ниж лъимал цIализе гьарун,
ЦIалун рахъаралго ригьнал гьаруна.
Чачаназул гIадат кIоченеги тун,
Дуца инсул росдал босана гIадат.

Огь, нижедасан дуй бахичIеб пайда,
Цо-цо ккун роржана, куркьбал рижигун.
Дур къварилъиялда сверун къвалги бан,
Дуца къо борхана, хирияй эбел.

Къоло щуго сональ цеве тIубарав,
Инсуда акIоб бакI дуца цIунана.

ГIумруялъул гьудул вукIанин дада,
Гьесда аскIой лъеян васият тана.

Дур васаз васият хвезе течIого,
Лъуна мун васалаз инсуда аскIой.
Гьанже кIиго зани бабалгун дадал,
Нижги ракIал хIалхьун нуж цадахъ рукIун.

Эбел бокьилаан гьанже ятизе,
Тахида гIодой чIун, чIумал сверулей.
Дирго хъизан тIубан хIалхьарай дунги
ХIалхьун хабаралда ратизе нилъги.

Амма къадаралъул жиндирго гIадлу,
Жив-живасе къотIун кьураб замана.
Зигарданиги шиб дир каранда ракI,
ТIокIай мун йихьизе къагIида гьечIеб.

**Зулейхат Мусаева,** Эчеда росу

**Динияб бокIон**

# Хъаравул гIадин йикIина

**«ЧIужугIаданалъул ургьибе лъимер ккедал, щибаб къойил гьелъие хъвала къоялъ кIал ккурав, къаси сордо рогьун какал ралев чиясего гIадаб кири. ХIарачIвараб мехалъ гьелъие хъвалеб кирийин абуни, гIицIго ТIадегIанав Аллагьасда гурони лъаларо. Лъимер гьабун хадуб, керен хахулаго гьелъул ургьибе ккараб щибаб къатIра рикIкIун, хварав чи чIаго гьавурабгIанасеб кири щола».**

**(ХIадис бицана ГIабдурахIман ибн ГIавфица).**

Щияй чIужугIаданалъ бищун кIудияб талихIлъун рикIкIунеб лъимер бижи - Аллагьасул рахIматаздасан цо рахIмат буго. Гьеб нигIмат кьун кIодо гьаюрай бусурбанчIужуялда, тIоцебесеб иргаялда, кIочене бегьуларо щукру гьабизе. Чанги аза-азар руччаби руго лъимералъухъ урхъун, амма гьелдаса махIрумго хутIун. ЧIужугIаданалъул рижиналъулъго бугеб лъималаздехун рокьиги, гьездехун бугеб гъираги тIубазабун, гьелдалъун йохизаюрай гIечIого, БетIергьанас, жиндирго гIорхъи гьечIеб сахаватлъиялдалъун, лъимадуе йигей гIаданалъе кьолел руго чIахIи-чIахIиял кирабиги даражабиги. ИчIабго моцI гьелъие гIибадатлъун хъвалеб буго. Лъимер гьабураб сагIаталъги, гьеб лъимерго гIадин, гьей Аллагьас мунагьаздаса яцIцIад гьаюлей йиго.

Ургьибе лъимер ккаралдаса нахъе, йикIинесей эбелалде тIаде бачIуна кIудияб жавабчилъиги. Лъимералда бичIчIула эбелалъул рекIел хIал, сверухъ лъугьа-бахъунеб бугеб жо, жиндехунго бугеб рокьигун рокьукълъи. Гьеб киналъго гьелъул сахлъиялъе ва психикияб хIалалъе асар гьабула. КIванагIан мунагь-хIарамалдаса рикIкIалъун, хIалалаб гурони кваначIого йикIине ккола.

Жеги хIаракат бахъила гIибадаталда тIадчIей гьабизе, Къуръан гIемер цIализе, гьелъухъ гIенеккизе, салават битIизе, лъикIал гIадамазул, аварагзабазул, асхIабзабазул, вализабазул гIумрудул къисаби цIализе. Лъимер лъикIаб, иман щулияб лъугьагиян гьарила Аллагьасда.

Чара гьечIого, гIемерисеб жо бараб буго эбелалда. Цо чияс хIакимасда цIехедал, жинца лъимералъе тарбия кьезе кида байбихьизе кколебилан, гьес жаваб кьун буго, гьелъие эбел йищулаго байбихьизе кколаанин.

Аварагас (с.т.гI.в.) абуна: **«ЧIужугIадан, ургьиб лъимер бугеб мехалъ, гьединго, гьелъие керен кьолеб бугебгIан заманалъ, Аллагьасул нухда вугев хъаравул гIадин йикIуна. Гьей гьеб заманалда жаний хвани, шагьидасул кириги буго гьелъие.** (ТIабарани).

Цоги хIадисалда, руччабаздехун хитIаб гьабун, Аварагас (с.т.гI.в.) абун буго: **«Нужер щияй йохун йикIинарищ нужер росасдаса лъимер бижараб мехалъ ва гьесул разилъиги щведал. Щибаб къойил кIал ккурай ва къаси кьижичIого, какал ран сордо борчIун Аллагьасул нухда йикIарай гIадин кириги хъвала. ХIарачIвараб мехалъин абуни, я дунялалда, я зодор ругезда лъаларо, Аллагьас гьелъие хIадурарал хазинабазул, кириялъул къадар. Лъимер гьабун хадубги, гьелъ хахараб щибаб къатIра рикIкIун кири хъвала. Лъимералъ, гIодун, сардал рорчIизе тIамидал, Аллагьасул нухда 70 сахав лагъ тархъарав кири хъвала. Гьелги ккола гьел руччаби, Аллагьасе ва росасе мутIигIал, жидеца гьабураб лъикIлъи кIочене толел»** (ТIабарани «КIочене толел» абураб рагIиялде кIвар кьечIогоги рес гьечIо. Щайгурелъул, чанги соназул жиндирго хIаракатчилъи хвезабизе кIола чIужугIаданалда цо лахIзаталда жаниб, бадибчIваялдалъун.

Кинниги, диналъул яцал, къинаб заман гIемераб захIмалъи бихьулеб жо бугониги, гьелъухъ щолеб кири бихьун, сабру гьабизе рекъараб буго. Аллагьасул рахIмуялъул гIорхъи гьечIо. Лъимералда малъарабщинаб жоялъухъги кири хъвалеб букIуна. Гьелъ гьабураб лъикIлъиялъухъ кириги эбел-инсуеги букIуна.

**«Ас-салам» газеталдаса босараб**

## Пайдабазул гъамас

Ражипер гIемерисез кванилъ хIалтIизабула. Гьеб рекъезабун хIалтIизабизеги лъикIаб буго. Гьелъулъ буго бихьинчиясул черхалъе асар гьабулел гIемерал жал. Гьединго гьелъулъ буго лъималазул рижи лъикIлъизабулеб фолот абураб гIуцIиги. Лъимер гьабизе ругел руччабазеги лъикIаб буго гьеб кваназе. Гьеб заманалда руччабазул би лъамаги гьабулеб буго ражипералъ.

Гриппалде ялъуни квачалъул унтуде дандеги гьеб лъикIаблъун рикIкIуна. Иммунитетги гьелъ лъикIлъизабула. РекIелгун бидурихьазул гIуцIи сах гьабизеги кумек гьабула.

Кумек гьабулеб буго тIулал клеткаби рукIалиде рачIинаризе, ццидал къвачIаялда ганчIал лъугьине тунгутIизе.

КIващул гIуцIиялъул нухазда цIа-кан бахун багIарлъиги гьоройги загьирлъизе (воспалительный процесс) лъугьинеги толеб гьечIо.

ГьоцIогун жубан хIалтIизабиялъ бидулъ холестериналъул къадар гIодобе ккезабула. Бидурихьазда лъугьараб кьаралъи биххизабула. ГIадалнахулъ тромб ккеялъул хIинкъи дагьлъизабула. Би хьвади лъикIлъизабун, бидурихьал эркенго хIалтIуледухъ гьел гIатIилъизе гьарула.

ЛъикIаблъун бихьизабулеб буго гьоцIогун жубан хIалтIизабизе бронхиалияб астма, гипертония сах гьабизе, ракIалда жо чIунгутIи инабизе, нерваби гIодоре руссинаризе. ГьоцIогун жубан хIалтIизабиялъ кумек гьабула тIомол кьер лъикIлъизабизе, перхот дагьлъизабизе, рас лъикI бижизе.

Рахьгун жубан хIалтIизабиялъ кумек гьабула ццунтрул инаризе, ангинаби сах гьаризе, ухIуди инабизе, макьил низам рукIалиде ккезабизе.

Квен биинабизеги кумек гьабула ражипералъ. Рак унтиялдасаги цIунула гьелъ.

ГIемерал пайдаби ругониги циндаго гIемераб къадар хIалтIизабизеги лъикIаб гьечIо. ГIемер хIалтIизабуни, давление бахине ва цIерхIей лъугьине рес буго.

ЛъикIаблъун бихьизабулеб гьечIо кванирукъалда ва бакъазда унтаби ругезе. Лъимер хахинабулей чIужугIаданальги бегьи-бегьунгутIи лъазабун гурони кванаге.

Аллагьас дарулъун гьабеги!

**Футбол**

# «Сасикь» команда-Кубокалъул хважаин

Араб шамат къоялъ, I9 октябралда, Агъвали «КIолихъ-Арена» стадионалда тIобитIана цIумадисезда гьоркьоб районалъул бетIерасул Кубокалъе мини-футболалъул турнир.




Гьенир гIахьаллъана «ТIадгъаквари», «ТIадгъаквари- гIолилал», «Санухъ», «Хъварщи», «Сасикь», «Гьигьалъ-гIурухъ», «Агъвали гIолилал», «Агъвали ветераназл», «Къеди» ва «Хуштада» командаби.

Турниралъул чемпионлъун ва Кубокалъул хважаинлъун бахъана «Сасикь» команда.

КIиабилеб бакI ккуна «Санухъ» командаялъ, лъабабилеб бакIалде ккана «ТIадгъаквари гIолилал» команда.

Бищун лъикI хIалевлъун рикIкIана «Сасикь» командаялъул МухIамад ХIажиев, бищун лъикIав защитниклъун рехсана «Санухъ» командаялъул МухIамад Зиявдинов, вратаразда гьоркьов бищун лъикIавлъун лъазавуна «Сасикь» командаялъул ГIабдурахIман АхIмаднабиев.

**Шамил Бадрудинов**

**Эркенаб гугари**

# ЦIумадисезе лъабго меседил медаль

Гьал къоязда Якутиялда тIобитIана машгьурав тренер Дмитрий Коркин ракIалде щвеялъе эркенаб гугариялъул рахъалъ халкъазда гьоркьосеб гIадатлъун бильъараб анцIила щуабилеб турнир.




Гьенир гIахьаллъана анцIила щуго пачалихъалдасан нусиялда ункъоялда анцIго гугарухъан. Гьезда гьоркьор рукIана дунялалъул, Европаялъул ва Азиялъул чемпионатазда бергьарал ва призерал.

АнцIго батIияб цIайиялда тIоритIарал къецазулъ щуго меседил медаль босана Дагъистаналъул гугарухъабаз, гьезда гьоркьоса лъабго-цIумадисез.



РекIее асар гьабулеб гугари бихьизабуна 65 кг. цIайиялда дунялалъул ва Европаялъул чемпион ГIабасхIажи МухIамадовас. Щуябго дандчIвай гьес лъугIизабуна заман щвелелдего 52:2 хIисабгун.

РакIчIун гугарана турниралда 125 кг. цIайиялда КIванадаса Шамил Мусаевги. Щуго нухалъ цеве вахъарав гьес лъабго дандчIвай лъугIизабуна заман щвелелдего.

Жиндирго гугаризе бугеб тIадегIанаб даража ритIухъ гьабуна 75 кг. цIайиялда дунялалъул ва Европаялъул чемпион Акнадаса АхIмад ГIусмановасги.

Къецазул хIасилаздалъун болельщиказ бищун лъикIав гугарухъанлъун рикIкIана ГIабасхIажи МухIамадов. Гьесие Россиялъул БахIарчи Родимир Максимовас кьуна «Серебряная борцовка» статуэтка.

Гьединго турниралъул чемпионаллъун рахъана дагъистаниял МухIамад-тIагьир Ханиев (92 кг.) ва МухIамад Къурбанов (94 кг.).

**Шамил Бадрудинов**

**Газпром**

# Как оплатить за газ за три минуты?

Оплачивайте за газ с помощью мобильного приложения и не выходя из дома.

ООО «Газпром межрегионгаз Махачкала» напоминает до начала отопительного сезона погасить задолженность за газ через приложения для смартфонов и планшетов «Газ Онлайн» и «Мой ГАЗ», или в «Личном кабинете абонента» на www.mkala-mrg.ru .

С помощью личного кабинета потребители газа могут не выходя из дома увидеть информацию по предыдущим оплатам, передать показания счетчика и оплатить за газ без комиссии.

Зарегистрируйтесь пошагово:

ШАГ-1 -скачать на смартфон приложение «Мой ГАЗ» на платформе Android или «Газ Онлайн» на платформе iOS. Можно открыть «Личный кабинет абонента» перейдя по ссылке https://мой-газ.смородина.онлайн/login .

ШАГ-2 - регистрируемся с помощью адреса электронной почты и десятизначного номера лицевого счёта, по которому вы оплачиваете за газ;

ШАГ-3 - производим оплату за газ. Для этого вводятся данные банковской карты;

ШАГ-4 - для подтверждения платежа вводим одноразовый пароль, который будет прислан на номер телефона.

ШАГ-5 - после проведенных действий на электронный почтовый ящик придет информация о платеже и чек об оплате. Кроме того, банк, через платежную систему которого вы совершили платёж, будет хранить информацию о перечислении денежных средств за газ.

Оплачивать за газ дистанционно - это надежно и экономно для потребителя газа!

Легко оплачивать с телефона за себя и за своих пожилых родственников, чтобы им не приходилось посещать кассы и стоять в очередях.

**Грэпплинг**

# Дунялалъул чемпион



Гьал къоязда Казахстаналъул тахшагьар Астанаялда грэпплингалъул рахъалъ 84 кг. цIайиялда дунялалъул чемпионлъун вахъана КIванкьадаса ГIабдулатIипов Мурад.

Финалалде щвелалде гьес къезаруна Испаниялъул, Польшаялъул ва Канадаялъул речIчIухъаби. Финалалда гьес бергьенлъи босана полякасда тIад.

**Шамил Бадрудинов**

БетIерав редактор
Малачдибиров
ГIубайдула СагIадулаевич
8 (87273) 2-52-44

Редакциялъул
(издателасул) адрес: 368900
Дагъистан Республика,
ЦIумада район, Кьенгьара росу,
Заводалъул къватI, 4

«ЦIумадисезул гьаракь»
газета гIуцIарал:
Дагъистан Республикаялъул
«ЦIумада район» муниципалияб
районалъул администрация
(ОГРН 1020500562697)

Газета къватIибе биччана
«Издательский дом «Дагестан»
ГАУялъул типографиялда.

Адрес: 367018,
МахIачхъала шагьар,
Насрудиновасул проспект, I «А»
Тираж - 1274
Газеталъул индекс:
51377 (бащдаб лъагIалие)
63302 (лъагIалие)

Макъалабазда рехсарал
хIужабазул, тарихазул бальголъи
гьорлъ бугел ва цогидалги
баяназул жаваб авторас кьола.

Газета зарегистрирована
Управлением Роскомнадзора
по Республике Дагестан.
ПИ №ТУ05-00434
от 15 июля 2019 г.

Адрес электронной почты
GoIostsumady@maII.ru